

# Pwoteksyon pou Travayè Domestik anba Lwa sou Dwa Moun Vil New York

Komisyon Vil New York sou Dwa Moun se yon resous pou ede travayè yo ak anplwayè yo konprann dwa ak obligasyon yo dapre Lwa sou Dwa Moun Vil New York (NYCHRL). Dokiman sa a bay enfòmasyon konsènan nouvo pwoteksyon nan espas travay.

Kòmanse 12 mas 2022, NYCHRL la pral pwoteje travayè domestik nan Vil New York kont diskriminasyon, asèlman, ak vanjans. Li pral bay yo dwa tou pou aranjman rezonab.

## Ki moun ki se yon travayè domestik ki gen dwa anba lalwa a?

Pwoteksyon NYCHRL yo pral aplike pou tout travayè domestik k ap travay nan Vil New York.

- Travayè domestik yo gen ladan yo nani, travayè swen lakay, menajè, oswa nenpòt ki travayè ki ap travay nan yon kay ki bay gadri pou timoun, gadri pou granmoun, oswa konpayon, oswa sèvis netwayaj kay. Pifò travayè aplentan ak atan pasyèl yo kouvri.
- Eksepsyon: Lwa a pa kouvri moun yo k ap travay sèlman pa okazyon. Li retire tou travayè ki gen rapò ak patwon-an oswa moun k ap resevwa swen an, ak travayè ki bay sèvis konpayon epi yo anmenmtan ap travay pou yon ajans deyò.

## Ki patwon ki gen obligasyon anba lalwa a?

Nenpòt moun ki anplwaye yon travayè domestik nan Vil New York, ki pa sou yon baz okazyonèl oswa iregilye. Sa gen ladan anplwayè endividyèl menm jan ak konpayi yo. NYCHRL kouvri ajans travay ak moun ki ede travayè yo jwenn travay tou.

- Remak: Yon moun ki anplwaye oswa ki menm anplwaye travayè domestik gen obligasyon anba NYCHRL la.

## Ki dwa ak obligasyon ki genyen nan nouvo lwa a?

### 1. Travayè domestik yo gen dwa pou yo pa fè diskriminasyon kont yo.

- Patwon yo pa kapab fè diskriminasyon kont travayè domestik ki baze sou sèks aktyèl yo oswa sou kijan yo pèsevwa tèt yo, orijin nasyon, ras, estati imigrasyon, relijyon, oswa nenpòt lòt kategori ki pwoteje anba NYCHRL la. Sa vle di ke patwon yo pa ka revoke oswa refize anboche yon travayè domestik, peye yo mwens, anmède yo oswa pèmèt moun pou anmède yo, oswa nan lòt fason pou trete yo mwens akòz apatenans yo nan yon klas pwoteje.
- Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwoteksyon kont diskriminasyon nan travay ak klas pwoteje anba NYCHRL la, gade [sitwèb Komisyon an](#).

### 2. Travayè domestik yo gen dwa pou yo jwenn akomodasyon rezonab kòm sadwa, oswa chanjman nan orè travay yo oswa responsablite travay yo pou pèmèt yo fè fonksyon esansyèl nan travay yo.

- Anplwaye yo gen dwa pou jwenn akomodasyon rezonab pou bezwen ki gen rapò ak andikap, gwosès oswa kondisyon medikal ki gen rapò ak sa, akouchman, alètman tibebe, pratik relije oswa obsèvasyon, ak estati kòm yon viktim vyolans nan kay, vyolans seksyèl, oswa asèlman kriminel.
- Si yon patwon konnen yon anplwaye kapab bezwen yon aranjman rezonab, yo dwe angaje yo nan yon dyalòg koperativ, oswa diskisyon an bòn fwa, avèk anplwaye a pou konprann bezwen yo epi diskite sou akomodasyon ki posib yo.
- Pou plis enfòmasyon sou akomodasyon rezonab anba NYCHRL la, gade [Gid pou Ranfòsman Legal Komisyon an sou Diskriminasyon sou Baz Enfimite](#) ak [Règ sou Pwoteksyon ki gen rapò ak Gwosès, Akouchman, epi sa ki Anrapò ak Kondisyon Medikal](#).

### 3. Lè y ap anboche yon moun, patwon yo pa gen dwa poze travayè domestik kesyon sou [istwa salè yo](#), mande enfòmasyon sou [istwa kredi yo](#), oswa mande yo pou pran yon [tès dwòg anvan-anbochaj la pou detekte mariwana/THC](#).

**4. Travayè domestik yo gen dwa pou yo ba yo avi alekri sou pwoteksyon kont asèlman seksyèl, ak fòmasyon konsènan pwoteksyon kont asèlman seksyèl.**

- Yon fwa yo fin anboche yon travayè domestik, patwon yo dwe bay yo avi alekri sou dwa yo konsènan [asèlman seksyèl](#), afiche yon [avi](#) nan lang Angle ak Panyòl konsènan pwoteksyon kont asèlman seksyèl, epi asire yo pou yo resevwa [fòmasyon](#) NYCHRL chak ane sou pwoteksyon kont asèlman ki baze sou sèks.

**5. Travayè domestik yo gen dwa pou yo pa sibi vanjans pou opozisyon yo kont diskriminasyon, lè yo mande yon aranjman rezonab (gade #2), oswa lè yo fè yon reklamasyon NYCHRL.**

**Èske gen kèk nan Pwoteksyon NYCHRL yo ki Pa Pral Aplike pou Travayè Domestik yo?**

Wi. Gen kèk pati nan Lwa sou Dwa Moun Vil la ki pa aplike pou travayè domestik.

- Lwa sou Chans San Patipri a ak pwoteksyon travay la ki baze sou arestasyon annatant yo, akizasyon kriminel, ak konviksyon kriminel pa aplike. Men, patwon yo pa kapab kesyone sou sa oswa pa konsidere posib non-konviksyon yon anplwaye yo, anvan arestasyon yo oswa akizasyon kriminel, ranvwa sou konsiderasyon pou anile, jijman sou delenkans jivenil, oswa konviksyon ki klase nan tiwa nan anbochaj.
- Patwon travayè domestik yo pa oblije bay anplwaye yo avi alekri sou dwa yo konsènan diskriminasyon kont gwosès oswa mentni yon chanm laktasyon dezilyen oswa règleman. Sepandan, si anplwaye bezwen akomodasyon ki gen rapò ak gwosès, tankou akomodasyon pou pèmèt travayè yo ponpe lèt tete yo nan travay, patwon yo dwe gen yon dyalòg koperativ epi pou bay akomodasyon sof si fè sa ta ka enpoze yon fado egzajere sou yo.

**Avèk kisa diskriminasyon ki entèdi kont travayè domestik ta ka sanble?**

Men kèk egzanp sou konpòtman ki vyole NYCHRL la:

- Yon patwon revoke yon asistan sante lakay apre li fin aprann anplwaye a te mande konje pou ale nan konsiltasyon gwosès paske patwon an pa kwè asistan an te kapab fè travay la pandan li ansent.
- Yon patwon di yon anplwaye netwayaj ki pa genyen papyè si li ta rapòte nenpòt sikonstans diskriminasyon li te fè eksperyans nan travay li, li pral rele ICE.
- Yon nani ki gen po nwa dekouvri ansyen nani ki gen po ki pi klè ki te konn travay pou menm patwon an te peye pi plis pase sa yo peye li. Lè li konfwonte patwon li sou sa, patwon li eksplike kijan “anplwaye ki gen po nwa yo pa travay di menm jan avèk moun po ki pi klè yo.”
- Yon pasyan di yon asistan lakay li pa ta dwe rapòte asèlman seksyèl li oswa li pral asire w pou li “pa janm kapab travay nan Vil sa a ankò.”

**Èske travayè domestik nan New York gen dwa dapre lòt lwa?**

Wi. Travayè domestik yo gen dwa pou yo [peye yo konje san danje ak konje maladi](#), salè minimòm ak peye lè siplemantè, youn (1) jou repo pou chak semèn, ak omwen twa (3) jou konje peye pou chak ane. Travayè domestik aplentan yo gen dwa tou pou asirans konpansasyon ak avantaj andikap travayè yo, epi kèk travayè domestik yo gen dwa pou peye konje fanmi. Gade [isit](#) la pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa travayè domestik nan Eta New York.

**Kisa mwen ta dwe fè si mwen gen kesyon sou dwa sa yo ak obligasyon oswa ta renmen rapòte diskriminasyon?**

Rele Komisyon sou Dwa Moun nan (212) 416-0197 oswa vizite [NYC.gov/HumanRights](http://NYC.gov/HumanRights). Ou ka depoze yon plent, kite yon enfòmasyon anonim, aprann plis sou responsablite ou, oswa enskri pou yon atelye gratis.